*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№120 (26572)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 9 июль – сусæны мæйы 9 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХЪÆУУОН ХÆДЗАРАД
*Æхсынæг*

3 НÆ НОМДЗЫД ЛÆГТÆ
*Хуыцау уын æй лæвæрау ратта...*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Бокс*

**Æмбырд**

## Кæсагдарæн хæдзарæдты нымæц рæзы

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй цы æмбырд арæзт æрцыд, уым ныхас цыди Цæгат Ирыстоны кæсагдарæн хæдзарæдты куыстыл. Архайдтой дзы, ацы бизнесы рæзтыл чи кусы, уыцы амалхъомтæ.**

Сергей Меняйло фæбæрæг кодта, фæстаг азты кæсагдарæн къабаз активонæй кæй рæзы. Товарон кæсаджы бæрц къорд хатты фæфылдæр – кæд 2017 азы 340 тоннæйы йеддæмæ нæ уыд, уæд ивгъуыд азы уыцы бæрæггæнæн схæццæ 10,3 мин тоннæмæ. Ахæм рæзт та домы кæсагдарæн хæдзарæдты куыстимæ баст фарстатæм системон ахаст. Æмбырды лæмбынæг æркастысты донæй пайда кæныны уавæрмæ, къабазы инфраструктурæйы нырыккон уагыл рацаразын æмæ бизнес аууоны секторæй ракæныны фарстатæм.





Уæрæсейы федералон хъалонты службæйы цæгатирыстойнаг Управленийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ ацы къабазы 296 регистрацигонд хъалонфидджытæй 177 куыстуаты сæ финансон-хæдзарадон архайд не 'вдисынц. Сергей Меняйло бахахх кодта, ахæм бæрæггæнæнтæ дзурæг сты, хæдзарæдтæ нæ кусынц, ууыл нæ, фæлæ сусæгæй кæй кусынц, ууыл.

2025 азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ Цæгат Ирыстоны кæсагдарæн хæдзарæдты архайдæй Уæрæсейы Федерацийы бюджетмæ æрбацæуæг хъалонты иумæйаг бæрц уыдис 157 милуан сомæй гыццыл фылдæр, уыдонæй республикæйы бюджетмæ æрбацыд 113,5 милуан сомы. 2026 азы 1-æм июнмæ уыцы бæрæггæнæнтæ сты 88,5 милуаны – Уæрæсейы Федерацийы бюджетмæ, 65 милуан сомы та – республикæйы бюджетмæ. Сергей Меняйло куыд бафиппайдта, афтæмæй уыцы фæрæзтæ æмæ кæсаджы бизнес цы æфтиæгтæ исы йæ уæйгонд продукцийæ, уыдонæн абарæн нæй, хæрз гыццыл сты. Уымæ гæсгæ регионы разамонæг амалхъомтæн бахæс кодта сæ архайд закъоны бындурыл аразын – куысты бынæттæ дæттын официалон æгъдауæй, хъалонисæг оргæнтæм сæ æфтиæгты тыххæй афойнадыл бæрæггæнæнтæ дæттын. Уый, æнæмæнгхъæугæ хъуыддаг у республикæйы экономикæйы дарддæры рæзт æмæ социалон къабазы æнæлыггонд фарстатæ иуварс кæнынæн.

– Абон мах архайæм экономикæ аууонæй ракæныныл. Барадхъахъхъæнæг æмæ цæстдарæн оргæнтæ дарддæр хъæугæ мадзæлттæ аразынц æнæзакъонæй кусæг амалхъомты сбæрæг кæнынæн. Фæстаг фондз азы кæсагдарæн хæдзарæдты нымæц сырæзыд, æмæ сæ иу хай кусы сусæгæй. Мах нæ размæ сæ бизнес ныхгæныны хæс не 'вæрæм, фæлæ алцы дæр хъæуы закъоны бындурыл саразын, хъалон фидыны хъуыддаг нормативон домæнтæн дзуапп хъуамæ дæтта, бæрæг уа зæххы кадастрон аргъ, – бахатыд Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг æмбырды архайджытæм.

Сергей Меняйло фæбæрæг кодта, къабазы дарддæры рæзт æппæт амалхъомтæй дæр кæй домы иумæйаг архайд ацы сектор аууонæй ракæнын æмæ инфраструктурон цæлхдуртæ аиуварс кæныны тыххæй. Хæстæгдæр рæстæг хъалонисæн оргæнтæ сбæлвырд кæндзысты, кæсагдарæн хæдзарæдтæй сæм цы бæрæггæнæнтæ æрбацæуы, уыдон, абардзысты сæ финансон-хæдзарадон архайдимæ, стæй та сараздзысты æмбырд барадхъахъхъæнæг оргæнты минæвæрттимæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

## Æхсæнадон штаб – æвзæрстыты агъоммæ

**РЦИ-Аланийы Æхсæнадон палатæйы арæзт æрцыд Паддзахадон Думæмæ 2026 азы 18-20 сентябры депутаттæ æвзарæн кампанимæ цæст дарыны тыххæй регионалон Æхсæнадон штабы æмбырд.**




Мадзалы архайдтой Æхсæнадон штабы уæнгтæ, электоралон эксперттæ, муниципалон æхсæнадон палатæты разамонджытæ, РЦИ-Аланийы Æхсæнадон палатæйы сæрдар **Нина Чиплакова** æмæ РЦИ-Аланийы Æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ**.

Архайдтой ма дзы Æхсæнадон палатæйы æмбырды кадджын уазджытæ – Уæрæсейы Федерацийы Президенты цур граждайнаг æхсæнады рæзт æмæ адæймаджы бартæ хъахъхъæнæн Советы уæнг, Ассоциаци «НОМ»-ы сæрдар **Александр Брод** æмæ Ассоциацийы экспертон советы уæнгтæ **Антон Лукаш** æмæ **Дмитрий Тихов**.

Александр Брод æмбырды архайджыты базонгæ кодта Ассоциацийы ног экспертон-аналитикон доклад «Уæрæсейы æвзарæн системæ Паддзахадон Думæмæ IX æрсидты æвзæрстыты агъоммæ: дзуаппытæ расидтытæн»-ы сæйраг тезистимæ.

Антон Лукаш эксперттæахуыргæнджытæн сарæзта ахуыргæнæн семинар. Уый фæстæ уыдон сæ райст зонындзинæдтæй фæхай кæндзысты Дзæуджыхъæу æмæ муниципалон сконды æхсæнадон цæстдарджытæн. Ам ма фæбæрæг кæнын хъæуы, Æхсæнадон палатæйы фæзуаты федералон эксперттимæ ахуыргæнæн семинары кæй архайдзысты Мæхъхъæлы республикæйы эксперттæ дæр.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, Паддзахадон Думæмæ æвзарæн кампанимæ цæстдарæн Цæгат Ирыстоны регионалон Æхсæнадон штабы сконд кæй фæхъомысджындæр ног профессионалон электоралон эксперттæй, юристтæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ журналисттæй. Фидаргонд æрцыдысты штабы структурæ, куысты æмæ дзыллон-информацийы фæрæзтимæ архайды пълан. Бæлвырдгонд æрцыд, хæстæгдæр рæстæг æмгуыстады тыххæй бадзырд бафыссынмæ кæимæ хъавынц, уыцы Æнæкоммерцион организацитæ æмæ партиты номхыгъд. Уымæй уæлдай ма хæдбар цæстдарджыты хыгъд дæр бæрæггонд цæудзæн – уыдзæн дзы 1000 адæймагæй фылдæр

**ГАПБАТЫ Алетæ, къамтæ систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

## Сланты Аслан



Уæззау хабар æрцыд газет «Рæстдзинад»-ы кусджытæ æмæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Журналистты цæдисыл. Цардхъуагæй, уæззау операцийы фæстæ йæ цардæй ахицæн газеты сæрмагонд фарсы редактор, республикæйы хуыздæр æмæ курдиатджындæр журналисттæй иу, Сланты Русланы фырт Аслан.

Арвæй дур æрхауæгау, хурбон арвыцæфау æнæнхъæлæджы уæззау хабар æрбайхъуыст газет «Рæстдзинад»-ы редакцимæ. Цавæр ныхæстæ ссарæн ис нæ коллективы хъыг æмæ маст радзурынæн, сæумæрайсомы фыдуац не 'ппæты дæр цавддуртау куы фестын кодта, уæд. Аслан хæрзæрæджы отпуск райста, иучысыл мæ фæллад суадзон, зæгъгæ, æмæ фæстæмæ йæ куысты бынатмæ нал æрбаздæхт. Æрбайхъуыст нæм, æваст æрбарынчын, ахæм хабар. Ныфсытæ йын æвæрдтам не 'ппæт дæр, уый та-иу телефоны иннæ кæрон бахудтис æмæ-иу афтæ бакодта, тагъд фæзындзынæн.

Сланты Аслан газет «Рæстдзинад»-мæ кусынмæ 'рбацыд 2001 азы февралы. Уыцы азты редакцийы хистæр фæлтæрæн кæстæры лæггад кодта, сæ алы дзырд æмæ сын уынаффæтæ бæрнонæй æххæст кодта. Куы нæ –иу уыд машинæ районмæ ацæуынмæ, уæд-иу автобусы сбадт æмæ-иу араст кодта, цы йын-иу бабар кодтой, уыдон æххæст кæнынмæ. Аслан мадæлон ирон æвзаг иттæг хорз зыдта, уæлдайдæр, цы хистæр фæлтæры 'хсæнмæ æрбацыд кусынмæ, уыдон иууылдæр уыдысты ирон журналистикæйы, ирон аив дзырды дæснытæ, æмæ сæ фæлтæрддзинад, сæ зонындзинæдтæй æнæвгъауæй хай кодтой кæстæр журналисттæн. Аслан лæмбынæг æмæ бæлвырд зыдта газеты радон номыр бацæттæ кæныны æппæт фæзилæнтæ дæр. Зæрдæбынæй уарзта нæхи ирон «Рæстдзинад», æмæ йæ мæлæтæй уæлдай ничи фæхицæн кодтаид газетæй. Никуы агуырдта хæрзиуджытæ, æнхъæлмæ дæр сæм нæ каст. Йæ хуыздæр хæрзиуæг уыд, газет Ирыстоны цæрæг ирон адæммæ фæхæццæ уа æнæкъуылымпыйæ æмæ æнæ рæдыдæй. Æдзух ын бæллыд йæ бæрзонд тиражмæ. Мæт ын кодта йæ хъысмæтыл, йæ уавæрыл. Рынчын уæвгæйæ дæр ма нæм-иу æрбадзырдта æмæ фæдзæхста, цавæр æрмæджытæ хъæудзæн иннæ номырмæ, уый. Уыцы сагъæстимæ бацыд йе 'нусон бынатмæ дæр. Цалдæр азы уыдис сæйраг редакторы хæдивæг, стæй – бæрнон нымæрдар æмæ сæрмагонд фарсы редактор. Сланы-фырт йæ царды фылдæр бонтæ æрвыста редакцийы, «Рæстдзинад»-æн снывонд кодта йæ цард. Уымæн æвдисæн уыд иунæг хъуыддаг, отпуск дæр-иу æнæхъæнæй нæ райста, æрмæст къуыри, æмæ та-иу се 'ппæты разæй райсомæй æрбахæццæ куыстмæ. «Рæстдзинад» нымадта национ хæзнайыл, зæрдæйæ фидар тæгтæй йыл уыдис баст. Зыдта, Ирыстонæн «Рæстдзинад» куыд ахсджиаг мыхуыры фæрæз у нæ культурæ, æгъдæуттæ æмæ истори парахат æмæ ирон дзырд цæрæццаг кæнынæн, уый. Бастдзинад дардта канд нæ республикæйы æхсæнадон организацитæ нæ, фæлæ ма Уæрæсейы æндæр регионты цæрæг ирон организацитæ æмæ адæймæгтимæ дæр. Хорз ахастдзинæдтæ йын уыд мæскуыйаг зындгонд артисттимæ, куы-иу ссыдысты Ирыстонмæ, уæд сæ-иу Аслан фæхуыдта æрдзы хъæбысмæ, æвдыста сын нæ республикæйы кæмтты алæмæты рæсугъддзинæдтæ, цæхх æмæ къæбæрæй сæ-иу суазæг кодта. Фестивальты архайынмæ-иу куы æрцыдысты, уæд Аслан архайдта, цæмæй уазджытæ базоной, ирон газет «Рæстдзинад» кæй ис, æмæ, кæд иронау кæсын нæ зыдтой, уæддæр-иу семæ Мæскуымæ аластой газеты номыртæ. Уый дæр чысыл кады хос нæ уыд газетæн. Арæх мысыд, кæй æрбайййæфта, уыцы фæлтæры. Ахæм бон нæ уыд æмæ сæ кой ма скодтаид. Афтæ-иу загъта: «Æз мæхи амондджыныл нымайын, Хъесаты Валодя, Малиты Хасан, Цомайты Ростислав, Æлборты Хетæгимæ кæй куыстон, уымæй. Куыд бирæ зыдтой газеты хæрзæбонæн. Æмæ, кæд журналисты дæсныйад базыдтон, уæд – сæ фæрцы». Аслан уыд тынг курдиатджын тæлмацгæнæг. Газеты номыр æнæхъæнæй дæр тæлмац кæнын куы хъуыдаид, уæддæр ын уый зын куыст нæ уыд. Рæсугъд æмæ хъæздыг æвзагæй фыста йæ уацхъуыдтæ.

Тынг зын у ныр Сланты Асланы тыххæй ивгъуыд рæстæджы дзурын, зæрдæ нæ комы, æвзаг нæ тасы, фæлæ, мæлæт йæ сау цæстæнгас кæмæ сараза, уымæн дохтыртæ нæ, фæлæ Стыр Хуыцау дæр нал баххуыс кæны. Арв æнæ хур куыд нæ фидауы, афтæ нæ фидауы æнæ Аслан дæр «Рæстдзинад». Цалынмæ адæймаг нæ фарсмæ вæййы, цалынмæ йын «Дæ райсом хорз» зæгъыны фадат вæййы, уæдмæ нæ фембарæм, цард, уæддæр цыбыр кæй у æмæ кæрæдзийæн хорз ныхæстæ дзурынæн рæстæгыл ауæрдын кæй нæ хъæуы, уымæн æмæ райсом байрæджы уыдзæн.

Рухс дзæнæт дæ хай, Аслан, дæ фæстæ кæй ныууагътай, уыдоныл хæрзаудæн кæн!

**Газет «Рæстдзинад»-ы коллектив**

Æмбырдæй

# Туристон маршруттæм бацæуыны фадæттæ



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис видеобастдзинады руаджы бацархайдта Цæгат Кавказы федералон зылды Æххæстбарджыны цур Туризмы рæзты координацион советы æмбырды. Амыдта йæ Æххæстбарджыны хæдивæг Владимир НАДЫКТО.**

Цæгат Ирыстонæй ма æмбырды архайдтой экономикон рæзты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Олег Быкадоров**, министры хæдивæг **Хлойты Тамерлан**. Рæгъмæ рахастой, инвалид æмæ æнæниздзинады цыбыргонд авналæнтимæ туристтæн туристон индустрийы объекттæм бацæуыны фадæттæ саразын æмæ туристон национ маршруттыл цæуыны гæнæнтæ. Уымæй уæлдай, автомобилон туризмы рæзты программæ сфидар кæнынил дæр дзырдтой.

Дзанайты Барис куыд загъта, афтæмæй Цæгат Ирыстон бабæрæг кæныны фæнд кæмæ фæзынд, уыдоны нымæц рæзы, фарон уыдысты 1,7 милуан адæймаджы. «Сæ фылдæр хай вæййынц хи транспортыл, уыцы къабазы рæзтмæ стыр æргом здахæм. Фарон 2035 азмæ сбæрæг кодтам, автомобилон туризмы концепци, ис нæм проекты фæндаггон картæ дæр. Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** куыд бафæдзæхста, афтæмæй скодтам регионалон программæ дæр. Уый руаджы автотуризмы рæзтыл бацархайдзыстæм»,- фæбæрæг кодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар.

Дзанайы-фырт ма æрдзырдта Цæгат Ирыстоны æвæджиауы уæлæмхасæн авналæнты тыххæй, ома, нæ географион бынат, маршрутты бæрц. Регион ис, Цæгат Кавказы магистралон тыргътæ кæрæдзиуыл кæм æмбæлынц, уым. Туристтæн сæ бон у цалдæр сахатмæ æппæт маршруттæ Дыгургомы, Цъæйы, Куырттаты комы бабæрæг кæнын. Дзанайы-фырт ма фæбæрæг кодта туристон индустрийы размæцыд. Иумæйаг хыгъды сты, туристтæн сæ бон æрлæууын кæм у, ахæм 120 объекты 2700 бынатимæ.

Ныхас ма рауад æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр. Уæлдай æргом аздæхтой æнæниздзинады цыбыргонд авналæнтимæ туристтæн æмбæлгæ уавæртæ æмæ фадæттæ саразынмæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Социалон фондæй

# Æнахъомты сæрдыгон куысты пайдатæ хыгъд нæ цæуынц

**Республикæйы Социалон фонды хайадæй паддзахадон æххуыс цы бинонтæн цæуа, уыдоны æнахъом сывæллæттæ сæрдыгон куыстыты куы архайой, уæд уый бинонты паддзахадон æххуысы бæрц фæкъаддæр кæнынил нæ зыны. Афтæ, иугонд æххуысмæ курдиат фысгæйæ, бинонтæй алкæмæ дæр цы пайдатæ хауы, уыдонимæ нымад нæ цæуынц, скъоладзаутæ æмæ студенттæй 18 азы онг мызд чи иса, уыдоны пайдатæ. Скъоладзаутæ æмæ студенттæй йæ дарæг кæмæн нал ис, кæнæ инвалид кæй у, уый тыххæй пенси чи иса, уыдонæн рæстæгмæ куысты æмгъуыды сæ федералон социалон фиддæнтæ цæуынц хъахъхъæд.**





«Скъоладзаутæ æмæ студенттæ сæрдыгон куыстыты официалон æгъдауæй куы архайой, уæд уыцы рæстæг нымад цæуы фæллойадон стажыл, организаци цы фиддæнтæ фида, уыдонæй та арæзт цæуынц фыццаг индивидуалон пенсион коэффициенттæ. Ахсджиаг у, цæмæй куысты архайд арæзт æрцæуа официалон хуызы: хъуамæ арæзт æрцæуой фæллойадон бадзырд, электронон фæллойадон чиныг æмæ фыст цæуой фæдзæхстадон фиддæнтæ», – бамбарын кодта Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан**. Иугонд æххуыс нысангæнгæйæ, æнахъомты мызд хыгъд нæ цæуы, кæд уый уыцы рæстæг скъола, астæуккаг сæрмагонд ахуыргæнæндон, кæнæ уæлдæр скъолайы æхсæз мæйæ къаддæр боныгон нæ ахуыр кодта, уæд. Æххуысы курдиат бадæтгæйæ, паддзахадон лæггæдты порталы ууылты хъæуы фæбæрæг кæнын, сывæллон боныгон кæй ахуыр кæны, стæй уый тыххæй хæстæгдæр клиентон службæмæ уый тыххæй гæххæтт бахæссын.

Уымæй уæлдай ма Уæрæсейы Социалон фонд федералон социалон фиддæнтæ уæддæр фиддзæн, кæд æнæдарæгæй баззайын кæнæ инвалиды тыххæй пенсиисæг куыстмæ бацыд цæрджытæн куысты бынæттæ дæттæг службæйы æрвыстмæ гæсгæ, кæнæ архайы студентон къорды куысты, уæд. Уыцы хъуыддагмæ хауынц боныгон ахуыргæнæг сывæллæттæ 18 азы онг æмæ студенттæ 23 азы онг. Кæд кусынмæ бацыд цæрджытæн куыстдæттæг службæйы æххуысæй, уæд уый тыххæй Социалон фонды хайадмæ информаци бацæуы æвæстиатæй, фæлæ, студентон къорды чи архайа, уый фонды клиентон службæмæ бахæссын хъæуы гæххæтт, ахуыр кæй кæны æмæ студентон къорды цас рæстæгмæ архайдзæн, уый тыххæй. Æндæр уавæрты ахуырдзаутæ официалон хуызы куыстмæ куы бацæуой, уæд куысты рæстæг федералон социалон фиддæн урæд æрцæуы, сæрдыгон куыстытæ куы ахицæн вæййынц, уæд та социалон фиддæнтæ сног вæййынц æвæстиатæй, сæ куысты рæстæг та хаст æрцæуы фæдзæхстадон стажмæ æмæ дзы арæзт æрцæуы фыццаг пенсион коэффициенттæ.

Кæд ма искæмæ фарстытæ сæвзæрд, уæд сын дзуаппытæ райсын уæ бон у Уæрæсейы Социалон фонды иугонд контакт-центры: **8-800-100-00-01** (бадзурæн ис лæвар, Уæрæсейы Социалон фонды Цæгат Ирыстоны хайад кусы: **къуырисæрæй цыппæрæммæ 9.00-18.00, майрæмбоны 9.00-16.45).**

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

Хъæуууон хæдзарад

# Æхсынæг: йæ зиан æмæ йæ ныхмæ тох

**Æрвылаз хъæууон хæдзарад æхсынæгтæ цы тыллæджы сæфтмæ ‘ркæнынц, уымæн йæ бæрц хæццæ кæны бæркады æртыккæгæм хаймæ. Быдираг мыстытæ уæлдай знаггад ракæнынц зæхкусæгæн, культуртæн сæ байтауынæй райдай, æмæ тыллæг хордæтты бафснайынæй фæу.**



Бæрæггæнæнтæ куыд амонынц, афтæмæй хоры 10 проценты хæргæ бакæнынц, иннæйы та сæ чъизидзинæдтæй сафынц. Уырытæн сæ раззаг дæндæгтæ æппынæдзух кæй зайынц, уымæ гæсгæ, бахсынынц кабельтæ, хъæдын конструкцитæ, суанг пластикæй конд хæтæлтæ дæр. Уый та æркæны зынгсирвæзтытæ æмæ цæрæнуæтты доны хъаймæтмæ. Се знаггад ууыл нæ фæвæййы, æхсынæгтæ хæлиу кæнынц æхсайæ уæлæмæ хæцгæ низы. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады республикон автономон учреждени «Дзæуджыхъæуы дезинфекцион станцæ»–йы дохтыр – эпидемиолог-дезинфектолог **Хъызынты Фатимæ** нæ уацхæссæгæн куыд радзырдта, афтæмæй æхсынæгтæ куынæг кæныны хæс æвæрд ис республикæйы районты дæлхайæдтыл дæр. Алагиры станцæ сæхицæй уæлдай лæггад кæны Дыгуры æмæ Æрæфы районты цæрджытæн, ахæм станцæ ис Мæздæджы дæр. Дезинфекцион службæ паддзахадон у, лæвар кусынц, социалон ахадындзинад кæмæн ис, уыцы тарниз æмæ тъæнгты хæцгæ низты ныхмæ. Хилæгойтæ æмæ æхсынæгты куынæг кæныны архайдæн та – æхца бафидгæйæ:

– Раздæр нæ станцæмæ цæрджытæ ‘ххуысагур уалдзæг æмæ фæззæг цыдысты, ныр – афæдзы иннæ афонты дæр. Статистикæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, æхсынæгты нымæц азæй-азмæ фылдæргæнгæ цæуы, сæ ныхмæ тох кæнынæн та мадзæлттæ аразын хъæуы. Фыццаджыдæр, къæппæджытæ æмæ æндæр дзаумæтты фæрцы, стæй химион буаргъæдтæй (антикоагулянтты 2-æм хуыз) хъæуы мадзæлттæ аразын, уалдзæг æмæ фæззæг базилын хъæуы хæдзæртты алфамбылай фæзуæттæм, цæхæрадæттæм. Санитарон домæнтæм гæсгæ пайда кæнгæйæ. Цæрджытæ арæхдæр сæ фæрцы архайынц, уымæн æмæ, иннæ хуызтæй алкæд æмæ алы ран нæй пайда кæнæн, – зæгъы Дзæуджыхъæуы станцæйы эпидемиолог–дезинфектолог.



Фылдæр хатт станцæмæ цæуджытæ сæхæдæг фæархайынц уырыты хуызтæ, стæй мыстытæй фервæзыныл. Сæ бон сыл куынæуал фæцæуы, уæд сæм станцæйы специалист хæдзармæ ацæуы. Æхсынæг арæхдæр хус æмæ хъарм кæм у, ахæм бынæттæ агуры цæрынмæ, уыимæ, донмæ хæстæг ран хъуамæ уа. Уыдон та, арæхдæр адæймаг кæм цæры, ахæм рæттæ сты.

Куыд базыдтам, афтæмæй æхсынæгты цот кæныны рæстæг хæссы фынддæс бонæй мæйы онг, ноггуырдты нымæц хæццæ кæны 18 онг, афæдзмæ иу цæрæгой 4 – 10 хатты ныййары. Уыдæттæ хынцгæйæ, зын бамбарæн нæу, сæ нымæц æгæр кæй сбирæ вæййы, сæ ныхмæ архайд чысыл дæр куы ‘рлæууы, уæд. Афоныл рæвдауæндæттæ, скъолатæ, хойраг уадзæг кусæндæттæ, медицинон кусæндæтты уавæрмæ æдзух цæстдард цæуы. Эпидемиологтæ амонынц мæй иу хатт сæ куынæг кæныны мадзæлттæ аразын, куы бахъæуа, уæд – æрвылмæй дæр, цалынмæ нæ фесæфой, уæдмæ.

– Кæд æмæ сбирæ сты хæдзары, пъадвалы, цæхæрадоны, уæд фæдзурын хъæуы нæ станцæйы специалистмæ. Дыууæ къуырийы цæст дардзыстут уавæрмæ. Кæд нæ фæхуыздæр уа, уæд та марг ногæй хъæудзæн нывæрын. Афтæ кæнын хъæуы, цæлынмæ бынтон нæ фесæфой, уæдмæ,– амоны Хъызынты Фатимæ. Æмæ ма бафтыдта, хос æвæрын кæй хъæуы, фос æмæ хæдзарон мæргътæ кæдæм нæ хæццæ кæнынц, уыцы рæтты, науæд маргæй фæхъæстæ уыдзысты, гæнæн ис, æмæ мæлгæ дæр акæной. Æхсынæгтæ арæхдæр мæлынц, адæймаджы къах кæдæм нæ хæццæ кæны, уыцы рæтты, хостæ йæ бахус кæнынц. Марг куы бахæры, уæд агуры дон, уымæ гæсгæ сын бафæдзæхсын, цæмæй, хос кæм сæвæрынц, уымæ хæстæг дон ссарынæн фадат ма уа. Куы йæ бануазой, уæд марг буарæй хицæн кæны, æмæ цæрæгой удæгасæй баззайы, – амоны специалист.

Æхсынæгты популяци бынтон скуынæг кæнын нæ фæтчы, æрдз йæхи закъæттæм гæсгæ цæры. Зианхæссæг кæд сты адæймагæн, уæддæр хъавгæйæ кусын хъæуы ацы фарстайыл, бæрц зонын хъæуы. Цæмæй, ирон æмбисондау, физонæг дæр сфыца, уæхст дæр ма басудза.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Æппæтуæрæсеон проект

# Номарæн фæйнæг байгом кодтой



**Алагиры Барахъты Гинойы номыл библиотекæйы къулыл кадджын уагæй байгом кодтой зындгонд æфсæддон разамонæг, Советон Цæдисы Хъæбатыр, инæлар-лейтенант Иван РОСЛЫЙЫ номарæн фæйнæг.**

Ацы адæймаджы ном сæнусон кæныны фæндон бахаста нæ бæстæйы Хæстон-историон æхсæнады уæнг, педагогон наукæты кандидат, æппæтуæрæсеон проект «Россия#Юг#Победа#Помним»-ы разамонæг **Павел Беккерман**.

Кадджын æмбырды архайдтой районы администрацийы сæргълæууæг **Демыраты Вячеслав**, йæ хæдивæг **Æгъуызарты Хетæг**, Алагиры сæргълæууæг **Фардзинты Хадзыбатыр, Павел Беккерман**, проектмæ цæстдарæг **Татьянæ Беккерман**, мидхъуыддæгты хайады кусджытæ æмæ æндæртæ.

Библиотекæйы кусæг, историон клуб «Истоки»-йы разамонæг **Лаурæ Касимова**, æмбырды архайджытæн раарфæ кæнгæйæ, Иван Рослыйы цардвæндаджы тыххæй цыбыр хабæрттæ радзырдта. Амынд цауы ахадындзинад бафиппайгæйæ, Павел Беккерман куыд загъта, афтæмæй хæсты заман размæбырсæн пъланыл кусыны рæстæг Иван Рослыйы командон бынат уыд Джызæлæй километр æддæдæр ран, инæлар йæхæдæг та рæстæгмæ цард Алагиры. Инæлары хæдтулгæ арæх цыд Алагиры фæндæгтыл, Дзуарыхъæуæй Алагирмæ фæндагыл цыды рæстæг та знаджы хæдтæхджытæ Рослыйы хæдтулгæ дыууæ хатты фехстой (ууыл дзурæг сты документалон æвдисæнтæ).

– Инæлар Рослыйы фыццаг ирыстойнаг номарæн фæйнæг Алагиры кæй байгом, ацы горæты цæрæг адæм уымæй хъуамæ сæрыстыр уой. Нæ бæстæйы æппæт Хъæбатырты нæмттæ хъахъхъæнинаг сты, – загъта проекты разамонæг.

Павел Беккерман йæ раныхасы кæрон бынæттон библиотекæйæн балæвар кодта Иван Рослыйы фыст чингуытæ «Последний привал в Берлине» æмæ «Выстоять и победить».

Районы администрацийы сæргълæууæджы уынаффæгæнæг **Гæбуты Юрийы** ныхасмæ гæсгæ, 1939-1940 азты финнаг хæсты заман майор Рослыйы стратегион курдиат раргом. Иван Рослый кæй командир уыд, уыцы 245-æм фистæгæфсæддон полкъ знаджы фидæрттæ батыдта æмæ афтæмæй Сырх æфсады иннæ дæлхайæдты размæбырстæн фадæттæ саразта. Дæсны хæстон архайды тыххæй Рослыйæн саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры кадджын ном.

1942 азы ноябры райдайæны Рослыйы разамындæй 11-æм гвардион фистæгæфсæддон корпус знаджы æфсады размæбырст баурæдта. Иттæг дæсны уагæй кæй бацæттæ кодтой, уыцы хæстон операцийы фæрцы знаджы æфсæдтæ Цæгат Кавказæй фæстæмæ ацыдысты. «Рослыйы операци», зæгъгæ, афтæ кæй схуыдтой, уыцы хæстон операци бахастой æфсæддон ахуыргæнæн чингуытæм æмæ йæ амонынц æфсæддон академиты.

Æрæджы Алагиры Минæвæрттæ æмбырд инæлар-лейтенанттæ **Иван Рослый** æмæ **Александр Ворожищевæн** ратта Алагиры кадджын граждæнты нæмттæ (адзалы фæстæ).

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Юбилей

# Аивады зæрдиаг фарнтауæг

### Зындгонд композитор æмæ æхсæнадон архайæг ХЪАНЫХЪУАТЫ Ларисæ бæрæг кæны йæ юбилей

**Удварны рæстæн лæггады курдиатджын адæймаг йæхицæн ном æмæ цæсгом скæны, йæ адæмы фарны хæзнатыл бæркад бафтауынмæ сарæхсы æрмæстдæр бирæвæрсыг зонындзинæдты, арф сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад æмæ уæлтых, удцырынæй æххæст, бонзонгæ æнæрынцой архайды руаджы. Зонд æмæ курдиат зиудæвдис цы сфæлдыстадон кусæджы зæрдæйы скæной, уымæн йе 'нтыст æмæ йæ кад дæр, раджы уа, æрæджы, уæддæр, разындзысты.**



Ацы хъуыдытыл мæ бафтыдта курдиатджын композитор, рухстауæг, дæсны музыкант **Хъаныхъуаты Ларисæйы** цард æмæ сфæлдыстадон архайды бирæвæрсыгдзинад. Йæ алы музыкалон уацмысы – бæлвырд, арф æмæ ирд мидис, хæдхуыз аивадон нывæст.

Курдиатджын композитор Хъаныхъуаты Харитоны чызг Ларисæ райгуырд 1951 азы Цæгат Ирыстоны, Дзæу-джыхъæуы. Йæ музыкалон сфæлдыстады фæндаг, куыд композитор æмæ дæсны музыкант, райдыдта Дзæуджыхъæуы Аивæдты училищæйæ. Каст æй куы фæци, уæд дарддæр ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы Петр Чайковскийы номыл паддзахадон консерваторимæ. Ам ахуыр кодта композицийы хайады номдзыд композитор, Советон Цæдисы адæмон артист Арам Хачатуряны къласы. Йе 'взонгæй фæстæмæ Ларисæ сфæлдыстады дунейы алывæрсыг зонындзинæдтæм тырнæг æмæ сæ арф йæ зæрдæмæ исæг кæй у, уый йын фадат ратта консерваторийы композицийы хайады æнтыстджынæй сахуыр кæнынæн. Каст æй фæци 1975 азы. Йæ дипломон сфæлдыс-тадон куыст «Бæрæгбоны увертюрæ» йын сæрмагондæй аивадуарзджытæ æмæ музыкæиртасджыты размæ рахæсстой Паддзахадон фæци Мæскуыйы Петр Чайковскийы стыр концертон залы. Уый æрыгон композиторы музыкалон уацмыс иттæг дæсны ацагъдтой Паддзахадон симфонион оркестры музыкантæ. Сæ аивадон разамонæг æмæ дирижер уыд Советон Цæдисы адæмон артисткæ Дудараты Вероникæ. Консерватори цы аз каст фæци Ларисæ, уыцы аз æй райстой Советон Цæдисы Композиторты цæдисмæ дæр. Фæстæдæр та ма йæ зонындзинæдтæ фæфылдæр кодта Мæскуыйы Петр Чайковскийы номыл паддзахадон консерваторийы аспирантурæйы. Йæ зонадон разамонæг уыд зындгонд музыкант, профессор Альбер Леман. Æнтыстджынæй йæ каст фæци 1982 азы.

Зонджын æмæ фендджын æрыгон музыкант, курдиатджын композитор йе сфæлдыстадон-рухстауæг профессион архайды фыццаг къахдзæфтæ акодта Дзæуджыхъæуы Аивæдты училищæйы (ныр – Гергиты Валерийы номыл Аивæдты колледж), музыкæйы теорийы ахуыргæнæгæй кусгæйæ. 1978-1980 азты Ларисæйы снысан кодтой Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры музыкалон хайады сæргълæуæгæй.

Музыкалон сфæлдыстады йæм цы бирæ профессион зонындзинæдтæ ис, уыдон Ларисæ æнæвгъау æмæ цæстуарзонæй амоны суинаг музыканттæн, фидæны композитортæн. 1997 азæй арæхстджын разамынд дæтты Композицийы сæрмагонд скъолайæн. Уыцы иу рæстæг ма у Уæрæсейы Федерацийы Композиторты цæдисы Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон хайады сæрдары хæдивæг.



Национ, нæ бæстæ æмæ дунейы музыкалон культурæйы истори æмæ теорийы фæрстытæ иртасæг, сæ æрфыстæм сын ныккæсæг æмæ сæ æнкъарæгæй æмбараг, дæсны ахуыргæнæг, курдиатджын композитор Хъаныхъуаты Ларисæйы зонд æмæ уды рухсæй хайджын цы курдиатджын музыканттæ æмæ композитортæ фесты, уыдонæй иу у Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл Гуманитарон æмæ Социалон иртасæнты институты зонадон кусæг, музыкæиртасæг, композитор, фольклорист Дзлиаты Дзерассæ. Уый нын йæ цæстуарзон зондамонæг хистæры тыххæй афтæ радзырдта: «Ахуыр кодтон Аивæдты республикон лицейы 6 къласы, афтæмæй фыццаг хатт базонгæ дæн Хъаныхъуаты Ларисæимæ. Амыдта мын музыкæ фыссыны сусæгдзинæдтæ. Йæ ахуыртæ алкæддæр уыдысты хæдхуыз, бындурон, мидисджын. Иу урок дзы иннæйы хуызæн нæ уыд. Кæддæриддæр-иу нæ ахуыргæнæг архайдта ахуыры æрмæг æнцонæй, фæлæ мидисджынæй, бæлвырд амонынил. Йæ ахуырты нын зæрдиагæй æргом кодта канд музыкæйы алæмæты дунейы сусæгдзинæдтæ нæ, фæлæ ма-иу йе 'ргом здæхта нывкæнынад æмæ драмон театры аивадмæ, ирон, уырыссаг æмæ дунейон литературæйы классиктæ, нырыккон фысджытæ æмæ поэтты уацмыстæм. Куыд композитор, музыкæйы теорийы дæсны, ахуыргæнæг, ирон сылгоймаг, афтæ Ларисæйы уд æмæ зæрдæйы, зонды хорз миниуджытæн, сфæлдыстадон æрмдзæфæн хуымæтæг ныхæстæй аргъ скæнæн нæй. Лицейы зарæггæнджыты къорд «Арион»-ы дæр архайдтон. Нæ разамонæг уыд РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ, дæсны хормейстер Дзанайты Ольгæ. Фæсарæнты уа, кæнæ Уæрæсейы горæтты-иу нæ курдиат куы 'вдыстам æмæ-иу Хъаныхъуаты Ларисæйы фыст музыкалон уацмыстæ куы зарыдыстæм, уæд-иу нæм концертты фæстæ æндæр зарæггæнджыты къордты разамонджытæ цыдысты æмæ-иу нæ разамонæгæй агуырдтой Ларисæйы фыст уацмысты нотæтæ. Мæ ахуыргæнæг – уæздан, цæстуарзон æмæ фендджын хистæрæн мæ зæрдæ зæгъы йæ юбилейон бæрæгбоны фидар æнæниздзинад, сфæлдыстады та – ног æнтыстытæ».

Дæсны музыкант æмæ композитор Хъаныхъуаты Ларисæйы сфæлдыстад у мидисджын, хъæздыг æмæ арф хъуыдытыл æфтауæг æнкъарæнтæй хæрзæххæст. Фыссы зæрдæагайгæ вокалон æмæ инструменталон уацмыстæ зарæггæнджыты къордтæн, симфонион оркестрæн, фортепианойæн, хицæн зарæггæнджытæн. Уыдонæй уæлдай ма у дыууæархайдон оперæ «Нарты фæткъуы» æмæ балет «Тæрхоны раз»-ы автор (Хетæгкаты Къостайы кадæгмæ гæсгæ). Ныффыста музыкæ Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры æвæрд спектакльтæм Хостыхъоты Зинæйы «Иу зæрдæйы авд дуар»-мæ, Темыраты Дауыты «Спартак»-мæ, Максим Горькийы «Царды бын»-мæ, Жан-Батист Мольеры «Тартюф»-мæ, Кокайты Тотразы «Аргъау»-мæ. Ис æм уырыссаг, дунейы æмæ Цæгат Кавказы зындгонд поэттæй Александр Пушкин, Хетæгкаты Къоста, Константин Бальмонт, Расул Гамзатов, Омар Хайам æмæ Роберт Бернсы æмдзæвгæтæм фыст романстæ. Йæ фыст музыкæ зæлы, æмæ йæм æхсызгонæй хъусынц дæсгай аивадуарзджыты бирæ фæлтæртæ Уæрæсе, Цæгат Кавказ, Австрали, Франц, Шотланди, Чехи, Испани, Португали æмæ зæххы къорийы æндæр бирæ бæстæты.

Ирыстон æмæ нæ бæстæйы музыкалон нырыккон аивады æвæллайгæ классик, курдиатджын композитор æмæ дæсны музыкант, цæстуарзон ахуыргæнæг Хъаныхъуаты Ларисæ у дунеон музыкалон конкурсты иудадзыгон уæлахиздзау, Хъамбердиаты Мысосты номыл паддзахадон премийы лауреат, РЦИ-Алани æмæ Уæрæсейы Федерацийы аивæдты сгуыхт архайæг. Йæ юбилейон бæрæгбоны фæдыл ын газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы кусджытæ кæнынц зæрдиаг арфæтæ. Цард æмæ сфæлдыстады æнæкæрон хорзæхтæй хайджын куыд уа, уый йын нæ цæст уарзы!

**ГАСАНТЫ Валери**

Нæ номдзыд лæгтæ

# Хуыцау нын æй лæварау ратта...

**2001 азы азы 18 мартъийы амард Абайты Васо – ссæдзæм æнусы æппæты номдзыддæр, æппæты фæрнджындæр ирон лæг, генион ахуыргонд, аланты байзæддæгтæн Къостайы фæстæ тæккæ стырдæр хæрзты чи бацыд, уыцы Васо...**



Кæд ын йæ марды уæлхъус дзæбæх ныхæстæ рачынд, кæд ын нывыл æгъдæуттæ скодтой, уæддæр адæймагмæ афтæ касти, цыма бæстæ æдзæм у, цыма йæ æгуыппæгæй æрвитæм йе 'цæг дунемæ. Раздæр куыд уыд, стæй, æдзухдæр куыд уыд, афтæ та рауад ацы хатт дæр: Васойы цы барæнтæй барстæуыди, цы ныхæстæй йын аргъ чынди, уыдонæй йæхæдæг разынди бирæ егъаудæр, бирæ ахадгæдæр.

Уый мах барæнтæ æмæ аргъгæнæнтæ хъуаг нæ уыди – Хуыцау нын æй лæварау ратта, хæрзиуæгау. Денджызы наутæн фæндагамонæг цырагъау йæ рухс нæ мынæг кодта, тыхдымгæтæ, знæт уылæнтæ йын ницы хъом уыдысты.

Йе 'нтыстытæ, йе сгуыхтытæн та йын аргъ раздæр скодтой, ныр Васо йæхæдæг кæмæ бацыд, уыдон. Уымæ гæсгæ, йæ фæстаг фæндагыл куы раст кодта, уæд мæм афтæ фæкасти, цыма Гулливерау йæхи йæ фæллад суадзынмæ 'руагъта, æмæ йæм йе 'цæг дунемæ фæндараст зæгъынмæ чи 'рбацыд, уыдоны бар-æнæбары уæлæмæ асинтыл хизын бахъуыд.

Йæ юбилей йын куы бæрæг кодтам, стæй, уый уæлвæд ног миназонил куы 'мбæлдыстæм, уæд мах тынгдæр азты бæрцмæ кастыстæм, сывæллæттау тымбыл нымæцыл цин кодтам. Фæлæ истори азты бæрцæй нымайгæ нæу, адæймаджы цард æмæ адæмы хъысмæт нолты нымæцæй нæ барстæуы.

Ирон адæмæн сæ ссæдзæм æнус нырма ныр фæци, Васо цы бон амард, уыцы бон æрхæццæ йæ кæрон. Хуыцауæй разы, Абайты Васо нæ иунæг астæуккаг цæджындз нæ уыд ивгъуыд æнусы. Фæлæ 50 азы бæрц уый цардæгас æнæцудгæ хидау лæууыд æмæ ног фæлтæрты баста Елбыздыхъо æмæ Махарбеджы, Токаты Алихан æмæ Малиты Георгийы, Беджызаты Чермен æмæ Гаглойты Рутены æнусон Ирыстонимæ... Ирон паддзахад сног кæнынил удуæлдайæ чи куыста, национ культурæ чи арæзта, уыцы титантæн сæ кæстæр уæвгæйæ, Васо уыдоны фарнмæ, уыдоны æнувыд фæллоймæ ахæм æфтауæн бакодта, æмæ уый фæрцы æгас дуне дæр йæ цæст æрæвæрдта нæ мадæлон æвзаджы рагон уидæгтыл, йæ фидыцыл, нæ адæмон культурæйы традицитыл.

Æниу, нæдæр наукæйы æнтыстытæ, нæдæр историйы дæргъмæ-уæрхмæ барæнты бон бауыдзæн, Васо йæ райгуырæн бæстæйы алывæрсыг царды цы ахъаззаг бынат æрцахста, уый равдисын. Васойæн бантыст йæ адæмы хуыздæр миниуджытæ йæ уды, йæ зонды сиу кæнын, алцæмæй дæр фæзминаг суæвын.

Уый фæцард адæмты историйы тæккæ æвирхъаудæр æнусы, революцитæ æмæ хæстыты, диктатортæ æмæ уæйгæнджыты-гадзрахатæй цæуджыты, цардæй хъулау хъазæг æнаккæгтæ æмæ тæрных, хæрам æнæфендты-ницызонджыты æнусы. Фæлæ йæ сыгъдæг уд æмæ зондахастыл никуы сыстырзæрдæ, йæ кад, йæ намысыл къæм абадын дæр никуы бауагъта.

Йе стыр хæрзиуæг лæджыхъæд, йæ сæрыстыр æмæ хæдæгъдау, йæ иугæндзон уæздандзинад адæймаджы зæрдыл лæууын кæнынц героикон фольклоры æнаипп хъæбатырты фæлгонцтæ. Васо йæ удæгасæй ссис ирон культурæйы мифологон Зондылæг-Хъæбатыр, æцæг ирон интеллигенци цавæр хъуамæ уа, уымæн цæттæ хуызæг.

Мах баззадыстæм æнæ уымæй. Фæлæ нæм фæндагамонæг цырагъы рухсау зыны.

Райдыдта ног æнус.

Васо дзырдта, афон, дам, у политикæмæ æргом раздахын.

Дзырдта, абон, дам, сæйраг наукæ у Этикæ.

Дзырдта, æппæтæй тæссагдæр, дам, у лæджыхъæд, æхсар фесафын...

**БЗАРТЫ Руслан,**
**журнал «Мах дуг»-ы**
**2001 азы 4-æм номыр**

**Фæсныхас:** Васо не 'хсæн кæдæй нал ис, ууыл ныр рацыд 25 азы, æнусы цыппæрæм хай... Фæлæ, рæстæг цасфæнды куы рацæуа, уæддæр, Абайы-фырт ирон адæмæн цы хæрзты бацыд, уыдон ферохгæнæн нæй, нæ зæрдæты цы стъалы ссыгъта, уый никуы бамынæг уыдзæн, судздзæн алкæддæр... Æмæ кæд афтæ у, уæд абон дæр ма цæуылнæ ис Васойæн иунæг цыртдзæвæн дæр Ирыстоны? Ау, дыууын фондз азмæ уыцы хъуыддагæн саразæн куыд нæ уыд, кæд æмæ цыртдзæвæнæн йæ бынат дæр раджы сбæрæг кодтой, цыртдзæвæн саразыныл дæр конкурс куы расидтысты, йæ саразыныл дæр бæстон ныхас куы цыди (уыимæ, газет «Рæстдзинад»-ы фæрстыл дæр), уæд? Ау, афон нæма у хъуыддагмæ æндæр цæстæй акæсынæн?..

**Æрмæг бацæттæ кодта**
**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Æрлæууынц мæ зæрдыл...

**Хæсты сывæллæттæ, куы фæзæгъынц, уæд цæстытыл ауайынц, цы стыр фыдæбæттæ баййæфтой адæм, уыдон. Мæныл уæд цыди æхсæз азы, фæлæ сæ хорз хъуыды кæнын.**



Немыц Кавказы 'рдæм куы фæзындысты, уæд сæ хæдтæхджытæ хъæутæ æмæ горæттыл бомбæтæ æппарын байдыдтой, хæдзæрттæ пырх кодтой. Адæм сæ цæхæрадæтты акъоппытæ-ныггæндтæ скъахтой æмæ уым цардысты. Махæн дæр нæ хæдзар немыцæгтæ бацахстой, æмæ нæ нæ мад нæ сыхаг Отараты Федыры пъадвалмæ акодта. Федырмæ уыдис стыр пъадвал, æмæ сых уым æрæмбырд сты, фæлæ дыууæ боны фæстæ хъæдмæ лидзын байдыдтой. Мæ мад дæр, мæгуыр, уыдта, йæ сыхæгтæ куыд лидзынц хъæдмæ, уый, æрцæттæ кодта гобан æмæ хъæццул, бабаста сæ æмæ сæ йе 'ккойы скодта. Иу къухæй уыдонил хæцыд, иннæ къухы та – сывæллон. Мæ кæстæр æфсымæрыл цыди афæдз æмæ æрдæг, мæнмæ та ратта нæ сырх уасæдджы, йæ къæхтæ баст, афтæмæй. Загъта мын: «Хæц ыл фидар, ма дын алидзæд». Хæцгæ йыл бæргæ кодтон, фæлæ-иу йæхи куы сцагъта, уæд-иу мæ хъæбысæй агæпп кодта, æмæ та-иу æй æрцахстон. Афтæ нæ тухæнтæгæнгæ æрбайййæфта не 'рвадæлты лæппу Сергей. Мæ мадæн райста йе 'ргъом, мæнæн ахæцыд мæ къухыл, æмæ араст стæм хъæдмæ. Хæст тыхджынæй цыди Саниба æмæ Джызæлы астæу. Немыц æхстой Санибайæ, махонтæ та – Джызæлæй Санибамæ. Ныр мах хъуыди уыдоны астæуты хъæдмæ балидзын. Тынг тæссаг уыди, фæлæ, цы гæнæн уыд, цæуын хъуыд. Гæрæхтæ-иу куы фæсабыр сты, уæд-иу мах та – лидзгæ. Нæмгуыты æхситт-иу куы сцырен ис, уæд-иу мæ Сергей йæ быны акодта, æмæ-иу æз скуыдтон, куы – мæ къах риссы, куы та – мæ къух, зæгъгæ. Афтæ изæрмæ бахæццæ стæм, нæ сыхбæстæ цы ран уыдысты, уырдæм. Мах æрбацыдмæ лæгтæ скодтой стыр сара. Алы бинонтæн дæр дзы бынат уыди, махæн дæр радих кодтой иу къуым. Уым фæцардыстæм, цалынмæ немыцы нæ атардтой, уæдмæ, стæй æрцыдыстæм хъæумæ.

Цæй диссаг у, тас рæстæджы адæм кæрæдзиуыл бирæ æнувыддæр вæййынц. Хæргæ дæр кодтам иумæ. Уыдис сæм дыууæ дынджыр аджы, æмæ дзы алы бон дæр фыхтой картоф. Æвæццæгæн, колхозы буртытæ хæстæг уыдысты, æмæ уырдыгæй хастой алы бон дæр картоф. Сывæллæттæ-иу хъазынмæ куы рацыдысты, уæд-иу сын семæ хъахъхъæнæг хистæртæй сæвæрдтой, цæмæй сывæллæттæ дард ма ацæуой, æмæ-иу бонизæрмæ уым фæзы хъазыдыстæм. Иу цау хорз хъуыды кæнын. Иу бон фæзуаты хъазыдыстæм, афтæмæй, нæ сæрты хæдтæхæг судзгæйæ, фæздæг калгæ, Джызæлы 'рдæм атахти. Куыд рабæрæг ис уый фæстæ, афтæмæй уыд немыцаг хæдтæхæг, нæхиуæттæ йæ æрæппæрстой, æрхауд хъæугæрон. Йæ тæхæг та парашютæй йæхи рауагъта, фæлæ йæ уæлдæфмæ нæ хæстонтæ амардтой.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй, немыц хъæуæй куы ацыдысты, уæд адæм фæстæмæ сæ хæдзæрттæм здæхтысты. Мах дæр нæ хуыссæнтæ бабастам æмæ цæттæ уыдыстæм цæуынмæ. Нæ уасæг æгасæй баззад, нæ йæ бахордтой, картоф хордтой: уасæг та мæнæн хæсгæ æрцыд. Æз уыцы уасæгимæ цы тухæнтæ фæкодтон, уый иунæг Хуыцау зоны. Мæ хъæбысæй-иу йæхи атыдта æмæиу, куы танчы пырхæнты бынмæ балыгъд, куы – саст машинæйы бынмæ, æмæ-иу æй уырдыгæй раластон. Хæдзармæ куы 'рцыдыстæм, уæд нæ хæдзары пъолтæ иууылдæр уыдысты æппæрст, немыц сæ басыгътой. Нæ сыхы бирæ уыд хорз адæм, кæрæдзийæн æххуыс кодтой. Нæ сыхаг зæронд лæг Отараты Федыр, мæрдты сыгъзæрин талатæ суадзæд, уый, зæронд кары уæвгæйæ, сыхы кæмæн нæ баххуыс кодта, ахæм хæдзар нæ уыд. Галуæрдонæй ласта суг хъæдæй, сæ лæгтæ хæсты кæмæн фæмард сты, уыцы сидзæргæстæн. Мæ фыд Моргуаты Авдул хæсты размæ колхозы тракторон бригадæн бригадирæй куыста, æмæ йæ хæстмæ нæ акодтой, раттой йын бронь, уымæн æмæ колхозтæ кодтой хоры куыст, цæмæй æфсад æххормаг ма æййæфтаиккой. Фæлæ, немыц Мæскуымæ куы 'рбахæстæг сты, уæд ын йæ бронь систой, æмæ ацыд хæстмæ. 1947 азы хæстæй ссыд æмæ та куыста колхозы.

**МОРГУАТЫ Юри,**
**РЦИ-Аланийы аивæдты**
**сгуыхт кусæг,**
**композитор**

Нæ фыдæлты цардæй

# Хæдзарады къабæзтæй иу

**Фос дарыны куыст нымад у ирон адæмы хæдзарады сæйраг къабæзтæй иуыл. Незаманты адæм кæуыл бакуыстой, хъæуккæгтæ фосдарынады уыцы фæзилæнтæй ныр дæр пайда кæнынц.**

Археологийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, бирæ æнусты размæ Цæгат Кавказы центрон хайы чи цард, уыцы скифаг-сæрмæтаг-алайнаг знæмтæ арæх дардтой лыстæг сыкъаджын фос, стæй стурвос. Хъобаны зæппæдзты кæй ссардæуыд, уыцы бронзæ дзаумæттыл арæх фенæн ис фыстæ æмæ сæгъты нывтæ.

Мах дуджы агъоммæ VII-IV æнусты Цæгат Кавказы арæзт скифаг зæппæдзты территорийыл фыстæ, хъуццытæ, бæхтæ æмæ хуыты бирæ стджытæ кæй ссардæуыд, уый дзурæг у, ирæтты рагфыдæлтæ фос арæх кæй дардтой, ууыл. Æвзагиртасынады æрмæджытæ дæр ууыл дзурæг сты. Абайты Васойы хъуыдымæ гæсгæ, стæмтæй фæстæмæ фосдарынадимæ баст æппæт ирон дзырдтæ равзæрдысты рагон ирайнаг æвзагæй. «Хъахъхъæнын», «хизын», зæгъгæ, афтæ чи амоны, дæнцæгæн æрхæссæн ис ахæм дзырд «фыййау». Мæ хъуыдымæ гæсгæ, ирон фосдарджытæ арæхдæр баст уыдысты фыстæ дарыны хъуыддагимæ. Ацы хъуыдыйы æнæхиндзинадыл дзурæг сты канд археологон æрмæджытæ нæ, фæлæ ирон адæмон сфæлдыстады бæрæггæнæнтæ дæр. Зæгъæм, Фæлвæра нымад уыд фысты бардуагыл. Фыстæ дарыны куыст кодтой канд хохæгтæ нæ, фæлæ дæлвæзы цæрæг ирæттæ дæр. Афæдзы дæргъы дыууæ хатты: уалдзæг æмæ фæззæджы кæй æлвыдтой, уыцы фыстæм арæхдæр зылдысты нæлгоймæгтæ. Хъæздыг фысдарджытæ-иу кæй баххуырстой, уыцы кусджытæн мызд фыстой къуымбилæй. Хорыл хъуымац æмæ æндæр дзаумæттыл-иу кæй баивтой, незаманты уыцы къуымбилæн уыд стыр хæдзарадон ахадындзинад. Къуымбилæй нымæттæ цæттæ кодтой, быд-





«Фосы дзуг хæхты»
ДЗАНАЙТЫ Азанбеджы конд ныв

той дзы кæлмæрзæнтæ æмæ цъындатæ. Фыс дуцын æмæ æхсырæй цыхт ахсыны куыст æххæст кодтой æрмæст сылгоймæгтæ.

Фысты æмрæнхъ нæ рагфыдæлтæ дардтой сæгъты дæр. Бирæ дзидза æмæ æхсыр чи нæ лæвæрдта, боныхъæдæн арæх чи нæ фæрæзта, уыцы сæгътæм иудадзыг цæст дарын хъуыд. Сæгъы къуымбилæй быдтой хъуымац æмæ бæндæнтæ, йæ цармæй та хуыдтой къæссатæ æмæ дзæкъултæ, арæзтой дзы лалымтæ.

Æхсыр, дзидза æмæ царм чи лæвæрдта, стæй, уæзласæны хуызы кæмæй пайда кодтой, уыцы стурвосæн ирæтты хæдзарады уыд стыр ахадындзинад. Иннæ адæмтæм куыд уыд, афтæ ирæттæм дæр фос нымад уыд аргъы барæныл. Асæй стыр чи нæ уыд æмæ бирæ æхсыр чи нæ лæвæрдта, хохы цæрæг нæ рагфыдæлтæ дардтой ахæм хохаг хъуццытæ. Хохы зын уавæртæн æнцонæй фæразæг ацы хъуццытæ бонмæ лæвæрдтой 5-7 литры бæрц æхсыр.

Быдырмæ раивыны æмæ сыхаг адæмтимæ парахат бастдзинæдтæ саразыны фæстæ ирæттæм фæзындысты фосы пайдайаг хуызтæ, къамбецтæ. Арæх цæрæн хæдзары дæллаг уæладзыджы-иу чи уыд, зымæгон афон хохаг ирæттæ сæ фос дардтой ахæм скъæты мидæг. Фосæн холлаг (хъæмпимæ змæст хос) лæвæрдтой боны дæргъы дыууæ хатты – райсом æмæ изæрæй. Рагон æгъдаумæ гæсгæ, фосæн холлаг дæттыны хъуыддагæн разамынд лæвæрдта хæдзары хистæр нæлгоймаг. Хохæгтимæ абаргæйæ, уæлвæзы цæрæг ирæттæ фос дардтой хуымæтæгдæр уавæрты. Фос арæх хызтысты быдыры, æхсæвиуат та кодтой цæрæнуатæй æддæдæр ран арæзт скъæты.

Нæ фыдæлтæ арæх дардтой бæхтæ дæр. Марды ном аргæйæ, бæхтыл дугъ кæй арæзтой, уый дзурæг у, сирагтæ ирæттæм кадджын кæй уыдысты, ууыл. Æрвылбон бæхмæ зылдысты, афоныл ын холлаг æмæ дон лæвæрдтой. Бæхы нывтæ фенæн ис цыртдзæвæнтæ æмæ зæппæдзтыл. Ивгъуыд æнусы 30-æм азты, фыццаг æмбисы дæр ма Садоны æрзæткъахæнтæй æрзæт бæхуæрдонæй Даргъ-Къохы æфсæнвæндаджы станцæйы онг ластой.

Уæрдонæй уæзтæ ласынæн ирæттæ пайда кодтой хæрджытæ æмæ хæргæфстæй дæр. Дингæнæн æууæлтæм гæсгæ, Ирыстоны иуæй-иу районты цæрæг адæм хæрджыты, æнæсыгъдæг цæрæгойтыл сæ нымайгæйæ, æппындæр нæ дардтой. Зæгъæм, хæрджытыл Мамысоны комы, Тырсыгом æмæ æндæр рæтты сæмбæлæн нæ уыд.

**КАЛОТЫ Барисы**
**чиныджы æрмæджытæм**
**гæсгæ**

## Спортивон фидиуæг










**Бокс**

# Æнхъæлмæ кæсæм Мураты уæлахизмæ




**Ирыстоны боксуарзджытæм сабаты, 11 июлы, æнхъæлмæ кæсы æхсызгон хабар.**

Уыцы бон 21:30 сахатыл центрон телеуынынадæй хъуамæ æвдисой, Мæскуыйы профессион боксæй цы стыр ерысты изæр арæзт æрцæуудзæн, уый.

Боксы изæры сæйраггдæр тохтæй иуы архайæг уыдзæн сæ уарзон боксер, профессион боксы WBA-йы уæззау уæзы дунейы чемпион Гасситы Мурат – «Ирон». Ацы боксы изæры Мурат хъуамæ фембæлдаид дунейы чемпион, Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау Тони Йокоимæ, фæлæ, уымæн йе 'нæниздзинад æнæнхъæлæджы хъыгдард кæй баййæфта, уый аххосæй йын рингмæ рацæуынæн фадат нæма ис. Ныр Тони Йокойы бæсты Мураты ныхмæ рацæудзæн Германы номæй хæцæг, фæлтæрдджын (29-аздзыд) профессион боксер Питер Кабиру. Дыууæ уæззауузон боксеры хъуамæ тыхджындæры сбæрæг кæной 6 раундон тохы. Профессион боксы ацы тох Гасситы Муратæн уыдзæн 36-æм. Амæй размæ Мурат цы 35 тохы архайдта, уыдоны 33 хатты фæуæлахиз, 2 хатты та хæрд фæци. Цы 33 тохы рамбылдта, уыдоны 26 йæ ныхмæлæууджытыл фæуæлахиз æмгъуыдæй раздæр (нокауттæй). Уырны нæ, Мурат – «Ирон» та ацы тохы дæр уæлахиздзау кæй уыдзæн, уый.

Йæ хуыздæр фæндтæ сæххæст уæнт!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

# Фæстæмæ – олимпиаг бинонтæм

**Æхсæнадæмон олимпиаг комитеты (МОК) æххæстком рахаста Уæрæсейы Олимпиаг комитетæн йæ бартæ фæстæмæ сфидар кæныны уынаффæ. Уымæй уæлдай ма, 2023 азы 28 мартъийы цы уынаффæ рахаста Уæрæсейы спортсменты архайды тыххæй нейтралон статусы æмæ сын командон хуызты архайынмæ ма уадзыны тыххæй, уый дæр аивта.**



МОК систа йæ фæдзæхст Уæрæсейы дунеон ерыстæ аразын ма уадзыны тыххæй. Æхсæнадæмон аренæмæ чи раздæхдзæн, уыцы спортсментæн рæстæгмæ ITA тесттæ араздзæн (Æхсæнадæмон тесттæ аразæг агентад), уыцы хъуыддаг нырыдæгæн арæзт цæуы. Ацы æхсызгон цаутæ къухы бафтыдысты Уæрæсейы Федерацийы Спорты министрад æмæ Олимпиаг комитеты хъомысджын юридикон æмæ дипломатон архайды руаджы. Нæ бæстæ олимпиаг бинонтæм фæстæмæ кæй раздæхт, уый бар дæтты æхсæнадæмон федерациты дæр не 'ппæт атлеттæн сæ бартæ раздахынæн.

Нырыдæгæн 20 æхсæнадæмон федерацийæ фылдæр нæ спортсментæн Уæрæсейы тырыса æмæ гимнимæ бар дæттынц сæ ерысты архайынæн.

Уæрæсейы иугонд командæмæ разæй æнхъæлмæ кæсынц æрыгæтты Олимпиаг хъæзтытæ Сенегалы Уæрæсейы тырысаимæ 2026 азы, фæззæджы, стæй та – Сæрдыгон олимпиаг хъæзтытæ Америкæйы Иугонд Штатты 2028 азы.

**Нæ уацхæссæг**

Газет «Рæстдзинад»-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæ æмæ хиуæттæн, се 'мкусæг

**СЛАНТЫ**
**Русланы фырт Аслан**

цæрынхъуагæй кæй амард, уый фæдыл.

РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны бинонтæ æмæ хиуæттæн,

**СЛАНТЫ**
**Русланы фырт Аслан**

цæрынхъуагæй кæй амард, уый фæдыл.

РЦИ-Аланийы Журналистты цæдис, газеттæ «Северная Осетия», «Дигорæ», «Слово», журналтæ «Мах дуг» æмæ «Ирæф»-ы редакциты кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæ æмæ хиуæттæн, УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг

**СЛАНТЫ**
**Русланы фырт Аслан**

цæрынхъуагæй кæй амард, уый фæдыл.

Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц,

**СЛАНТЫ**
**Русланы фырт Аслан**

цæрынхъуагæй кæй амард, уый. Зиан рахæсдзысты цыппæрæмы 9 июлы, Ногиры, Буденныйы уынджы 31-æм хæдзарæй.

Золойты мыггаг хъыгзæрдæйæ хъусын кæны,

**ЗОЛОЙТЫ**
**Михалы фырт Сергей**

кæй амард, уый.
Зиан рахæсдзысты 9 июлы Дзæуджыхъæуы, Чкаловы уынджы 43-æм хæдзарæй.

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**ТЕРРИТОРИАЛЬНОЕ УПРАВЛЕНИЕ ФЕДЕРАЛЬНОГО АГЕНТСТВА ПО УПРАВЛЕНИЮ ГОСУДАРСТВЕННЫМ ИМУЩЕСТВОМ В РСО-АЛАНИЯ (ДАЛЕЕ — ОРГАНИЗАТОР ТОРГОВ) СООБЩАЕТ:**
**о проведении торгов по реализации арестованного УФССП по РСО-Алания имущества, принадлежащего должнику:**

**1. Имущество Соловова С.Ю., расположенное по адресу: РСО-Алания, Правобережный район, с. Зильги, ул. Гагарина, 38.**

**Лот № 1** – жилой дом КН 15:03:0110101:20, общей площадью 50,7 кв.м., земельный участок КН 15:03:0110208:53, общей площадью 2956 кв.м. Начальная цена лота – 714 600 руб. Задаток – 35 000 руб. Шаг аукциона – 8 000 руб.

**2. Имущество Дарахвелидзе А-Г.И., расположенное по адресу: РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Владикавказская, 67, кв. 79.**

**Лот №2** – жилое помещение КН 15:09:0040503:3526, общей площадью 65, 3 кв.м. Начальная цена лота – 3 436 805,06 руб. Задаток – 171 000 руб. Шаг аукциона – 35 000 руб.

**3. Имущество Гатеева В.А., расположенное по адресу: РСО-Алания, Дигорский район, с. Карман-Синдзикау, ул. Гапбаева, 53.**

**Лот № 3** – жилой дом КН 15:05:0070170:10, общей площадью 78,3 кв.м., земельный участок КН 15:05:0070170:1, общей площадью 5497 кв.м. Начальная цена лота – 10 000 000 руб. Задаток – 500 000 руб. Шаг аукциона –100 000 руб.

**4. Имущество Тогоевой Д.К., расположенное по адресу: РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Астана Кесаева, 44г, кв. 17.**

**Лот № 4** – жилое помещение КН 15:09:0040601:3857, общей площадью 60,3 кв.м. Начальная цена лота – 5 404 568 руб. Задаток – 270 000 руб. Шаг аукциона – 55 000 руб.

**5. Имущество Тебиевой М.В., расположенное по адресу: РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 6, кв. 14.**

**Лот № 5** – жилое помещение КН 15:09:0010304:731, общей площадью 53,5кв.м. Начальная цена лота – 3 248 800 руб. Задаток – 162 000 руб. Шаг аукциона – 33 000 руб.

**Аукцион состоится 31 июля 2026г. в 10.00 час. по московскому времени. Заявки принимаются с 9 июля 2026 г. по 27 июля 2026 г.**

К участию в аукционе допускаются юридические и физические лица, представившие в оговоренный в информационном сообщении срок, оформленные надлежащим образом документы. Заявки подаются заявителем по форме, утверждаемой продавцом (форма заявки размещена на сайтах: Росимущества в сети «Интернет» www.rosim.ru, официальном сайте Российской Федерации в сети «Интернет» www.torgi.gov.ru, на сайте электронной площадки). В состав заявки входят следующие документы: платежный документ с отметкой банка об исполнении, подтверждающий внесение заявителем задатка в счет обеспечения оплаты приобретения имущества (задаток вносится на счет электронной площадки), заявка, образец размещен на сайтах www.rosim.ru, www.torgi.gov.ru, описки, исправления, помарки, зачеркнутые слова не допускаются; доверенность на лицо, имеющее право действовать от имени заявителя, если заявка подается представителем заявителя, оформленная в установленном порядке, или нотариально заверенная копия такой доверенности (в случае, если доверенность на осуществление действий от имени заявителя подписана лицом, уполномоченным руководителем юридического лица, заявка должна содержать также документ, подтверждающий полномочия этого лица), согласие на обработку персональных данных. Для юридических лиц: полученная не ранее чем за шесть месяцев до даты размещения на официальном сайте торгов извещения о проведении аукциона выписка из единого государственного реестра юридических лиц или нотариально заверенная копия такой выписки; заверенные копии учредительных документов заявителя; письменное решение соответствующего органа управления заявителя, разрешающее приобретение имущества, если это необходимо в соответствии учредительными документами; документ, подтверждающий полномочия лица на осуществление действий от имени заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме), согласие на обработку персональных данных. Для индивидуальных предпринимателей: полученная не ранее чем за шесть месяцев до даты размещения на официальном сайте торгов извещения о проведении аукциона выписка из единого государственного реестра индивидуальных предпринимателей; копия паспорта заявителя (все листы); нотариально заверенная доверенность на лицо, уполномоченное действовать от имени заявителя в случае подачи заявки представителем заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме), согласие на обработку персональных данных. Для физических лиц: копия паспорта заявителя (все листы); нотариально заверенная доверенность представителя физического лица в случае подачи заявки представителем заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме), согласие на обработку персональных данных. Для иностранных граждан и иностранных юридических лиц: заявка на участие в торгах по установленной форме; надлежащим образом заверенный перевод на русский язык документов о государственной регистрации юридического лица или физического лица в качестве индивидуального предпринимателя в соответствии с законодательством соответствующего государства и документов, удостоверяющих личность физического лица; нотариально заверенная доверенность представителя физического лица в случае подачи заявки представителем заявителя; декларация о соответствии требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ (в письменном виде, в свободной форме), согласие на обработку персональных данных. Иностранные физические и юридические лица допускаются к участию в торгах с соблюдением законодательства Российской Федерации. Одно лицо имеет право подать только одну заявку. Заявка представляет собой полный комплект документов, представляемых заявителем для участия в аукционе. Заявка и все документы, связанные с этой заявкой, должны составляться на русском языке. Заявитель направляет заявку с приложенными документами в установленный срок в форме скан-образов документов через электронную площадку. Документы, подаваемые юридическим лицом, направляются в виде скан-образов документов, подписанных уполномоченным лицом и печатью организации. Подача заявки осуществляется через электронную площадку в соответствии с регламентом электронной торговой площадки, размещенным на сайте электронной площадки. Участие в торгах производится в соответствии с тарифами, установленными нормативными документами электронной площадки. Декларация о соответствии претендента требованиям п. 5 ст. 449.1 ГК РФ изготавливается в простой письменной форме, из содержания должно следовать заявление о соответствии претендента требованиям указанной нормы. Претендент не допускается к участию в аукционе, если: — претендент не может быть покупателем в соответствии с законодательством Российской Федерации; — представленные документы оформлены с нарушением требований законодательства Российской Федерации и порядка, установленного в настоящем информационном сообщении; — не подтверждено поступление в установленный срок задатка; – в иных случаях, установленных действующим законодательством. Победителем аукциона признается участник, предложивший наиболее высокую цену за продаваемое имущество. Протокол о результатах торгов, имеющий силу договора, подписывается с победителем торгов не ранее чем через 10 дней со дня их проведения. Оплата приобретаемого имущества производится в течение 5 рабочих дней с даты подписания протокола о результатах торгов. При отказе от подписания протокола о результатах торгов и невнесении денежных средств в счет оплаты приобретенного имущества, задаток победителю торгов не возвращается. Право собственности на имущество переходит к покупателю в порядке, установленном законодательством Российской Федерации. Право собственности на приобретенное имущество оформляется покупателем самостоятельно и за собственный счет. Торги, в которых принял участие только один участник, признаются несостоявшимися. Организатор торгов оставляет за собой право снять выставленное имущество с торгов по указанию судебного пристава-исполнителя. Денежные средства, внесенные в качестве задатка на участие в аукционе победителем торгов, зачитываются в качестве оплаты покупной цены имущества. При не перечислении покупателем покупной цены в срок, он считается уклонившимся от заключения договора. В случае уклонения победителя аукциона от заключения договора задаток не возвращается. Если торги не состоялись или отменены, задатки подлежат возврату заявителям. Задаток возвращается также лицам, которые участвовали в торгах, но не выиграли их. Возврат задатка осуществляет оператор электронной площадки в течение 5 рабочих дней со дня подписания Протокола о результатах торгов. Все вопросы, касающиеся проведения аукциона, но не нашедшие отражения в настоящем информационном сообщении, регулируются в соответствии с законодательством Российской Федерации. Получить дополнительную информацию о торгах и о правилах их проведения, ознакомиться с формой заявления, с проектом договора купли-продажи можно на официальном сайте http://www.torgi.gov.ru и на сайте Росимущества в сети «Интернет»www.rosim.ru. Ознакомление с документами на имущество, имеющимися в наличии у организатора торгов, осуществляется путем направления запроса на электронную почту по адресу: tu15@rosim.gov.ru, alina.burnatseva@rosim.gov.ru. Заявителю в запросе необходимо указать: ФИО, контактный телефон, адрес электронной почты. Ответ на запрос будет направлен на адрес электронной почты, указанный в запросе.

**ПАДДЗАХАДОН ИСБОНЫ УЫНАФФÆЙАДЫ ФЕДЕРАЛОН АГЕНТАДЫ ЦÆГАТИРЫСТОЙНАГ ТЕРРИТОРИОН УПРАВЛЕНИ**
**(ДАРДДÆР — БАЗАРАДÆН ФАДÆТТÆ АРАЗÆГ) ХЪУСЫН КÆНЫ:**
**Тæрхонадон пъырыстыфты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управлени кæй æрцахста, дæлдæр амынд хæсдарджытæм хауæг уыцы исбон ауæй кæныны фæдыл базарад баххæст кæныны тыххæй хабар:**

**1. С.Ю. Соловойы исбон, адрис: РЦИ-Алани, Рахизфарсы район, Зилгæ, Гагарины уынг, 38.**

**Лот №1** – цæрæн хæдзар КН 15:03:0110101:20, иумæйаг фæзуат – 50,7 кв.м., зæххы хай КН 15:03:0110208:53, иумæйаг фæзуат – 2956 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 714600 сомы. Цъынды – 35000 сомы. Аукционы къæпхæн – 8000 сомы.

**2. А-Г.И. Дарахвелидзейы исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Владикавказаг уынг, 67, фатер 79.**

**Лот №2** – цæрæнуат КН 15:09:0040503:3526, иумæйаг фæзуат – 65,3 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 3436805,06 сомы. Цъынды – 171000 сомы. Аукционы къæпхæн – 35000 сомы.

**3. В.А. Гатеты исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дыгуры район, Хъарман-Сындзыхъæу, Гапбайы-фырты уынг, 53.**

**Лот №3** – цæрæн хæдзар КН 15:05:0070170:10, иумæйаг фæзуат – 78,3 кв.м., зæххы хай КН 15:05:0070170:1, иумæйаг фæзуат – 5497 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 10000000 сомы. Цъынды – 500 000 сомы. Аукционы къæпхæн – 100000 сомы.

**4. Тогойты Д.К. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Къесаты Астаны уынг, 44г, фатер 17.**

**Лот № 4** – цæрæнуат КН 15:09,0040601:3857, иумæйаг фæзуат – 60,3 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 5404568 сомы. Цъынды – 270000 сомы. Аукционы къæпхæн – 55000 сомы.

**5. Тебиаты М.В. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Тельманы уынг, 6, фатер 14.**

**Лот №5** – цæрæнуат КН 15:09:0010304:731, иумæйаг фæзуат – 53,5 кв.м. Лоты райдиан аргъ – 3248800 сомы. Цъынды – 162000 сомы Аукционы къæпхæн 33000 сомы.

**Аукцион ацæудзæн 2026 азы 31 июлы Мæскуыйы рæстæгмæ гæсгæ 10.00 сахатыл. Курдиæттæ барвитæн ис 2026 азы 9 июлæй 27 июлы онг.**

Информацион хъусынгæнинаджы амынд афон æмбæлгæ уагæй арæзт гæххæттытæ чи бавдиса, аукционы архайыны бар ис ахæм юридикон æмæ физикон иуæгтæм. Уæйгæнæг кæй сфидар кæна, курдиатæрвитæг курдиæттæ барвиты ахæм хуызмæ гæсгæ (курдиаты хуыз æвæрд ис сайтты: интернеты хызæджы «Уæрисбонад»-ы сайт www.rosim.ru, интернеты хызæджы Уæрæсейы Федерацийы официалон сайт www.torgi.gov.ru æмæ электронон фæзы сайты). Курдиатмæ хауынц ахæм гæххæттытæ: балхæнинаг исбоны аргъ бафидынæн фадæтты арæзтады хыгъдмæ курдиат барвитæг цъынды кæй бахаста, ууыл дзурæг æххæсткæнынады тыххæй банчы нысанимæ фиддонты гæххæтт (цъынды бахæссынц электронон фæзы хыгъдмæ); курдиат, йæ хуызæг æвæрд ис сайтты www.rosim.ru æмæ www.torgi.gov.ru-йы, рæдыдтытæ, срастгæнинæгтæ æмæ хахгонд дзырдтæ дзы хъуамæ ма уа; курдиатæрвитæджы номæй архайыны бар кæмæ ис, ахæм адæймагыл æвууæнчы гæххæтт, курдиат кæд курдиатæрвитæджы минæвар барвыста, уæд, æмбæлгæ уагæй арæзт, науæд нотариусы мыхуыримæ амынд æвууæнчы гæххæтты халдих (юридикон иуæджы разамонæджы бæрнджын адæймаг йæ къух кæм сæвæрдта, курдиатæрвитæджы номæй архайыны фæдыл æвууæнчы ахæм гæххæтт кæд ис, уæд. (Ацы адæймаджы бартæ æцæг кæй сты, курдиаты хъуамæ уа ууыл дзурæг гæххæтт дæр) персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Юридикон иуæгтæн: исбон балхæныны бар чи дæтты, курдиатæрвитæджы уынаффæйады æмбæлгæ оргæны гæххæттыл фыст ахæм уынаффæ бындурæвæрæг гæххæттытæм гæсгæ, афтæ бакæнын кæд хъæуы, уæд; курдиатæрвитæджы номæй архайд æххæст кæныны фæдыл адæймаджы барты æнæхиндзинад æвдисæг гæххæтт; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнтæм гæсгæ, деклараци (гæххæттыл фыстæй, уæгъдибар уагæй), персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Индивидуалон амалиуæггæнджытæн: курдиатæрвитæджы паспорты халдих (æппæт сыфтæ); нотариусы мыхуыр кæм ис, курдиатæрвитæджы номæй архайыны бартимæ адæймаджы æвууæнчы ахæм гæххæтт, курдиатæрвитæджы минæвар курдиат кæд барвита, уæд; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккагдзинады тыххæй деклараци (гæххæттыл фыстæй, уæгъдибар уагæй), персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Физикон иуæгтæн: курдиатæрвитæджы паспорты халдих (æппæт сыфтæ); нотариусы мыхуыр кæм ис, физикон иуæджы минæвары æвууæнчы, ахæм гæххæтт, курдиатæрвитæджы минæвар курдиат кæд барвыста, уæд; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккагдзинады тыххæй деклараци (гæххæттыл фыстæй уæгъдибар уагæй), персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Фæсарæйнаг адæймæгтæ æмæ фæсарæйнаг юридикон иуæгтæн: фидаргонд хуызæгмæ гæсгæ базарады архайды фæдыл курдиат; æмбæлгæ уагæй мыхуыр æвæрд кæуыл ис, иу кæнæ иннæ паддзахады закъонæвæрынадмæ гæсгæ индивидуалон амалиуæггæнæджы хуызы юридикон кæнæ физикон иуæджы паддзахадон регистрацийы тыххæй æмæ физикон иуæджы æцæгдзинад æвдисæг гæххæттыты уырыссаг æвзагмæ ахæм тæлмац; нотариусы мыхуыр кæуыл ис, физикон иуæджы минæвары æвууæнчы ахæм гæххæтт, курдиатæрвитæджы минæвар курдиат кæд барвыста, уæд; УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккагдзинады тыххæй деклараци (гæххæттыл фыстæй уæгъдибар уагæй), персоналон бæрæггæнæнтыл бакусыны тыххæй разыйы дзуапп. Фæсарæйнаг физикон æмæ юридикон иуæгтæн базарады архайыны бар раттынц Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынад æххæст кæныны æвууæлимæ. Иу адæймагмæ ис æрмæст иу курдиат барвитыны бар. Курдиатæрвитæг аукционы архайынæн кæй барвиты, ахæм гæххæттыты æххæст комплект нымад у курдиатыл. Курдиат æмæ ацы курдиатимæ баст æппæт гæххæттытæ фыссын æмбæлы уырыссагау. Курдиатæрвитæг бафтауинаг гæххæттытимæ курдиат фидаргонд афон гæххæттыты скан-хуызæгты уагæй барвиты электронон фæзы фæрцы. Юридикон иуæг кæй балæвæрдта, уыцы гæххæттытæ æрвыст цæуынц гæххæттыты скан-хуызты уагæй (ацы гæххæттытыл бæрнджын адæймаг йæ къух сæвæры æмæ сыл вæййы кусæндоны мыхуыр). Курдиат барвитынц электронон фæзы сайты æвæрд электронон базарадон фæзы фæткмæ гæсгæ электронон фæзы фæрцы. Базарады архайынц электронон фæзы нормативон гæххæттыты фидаргонд æргътæм гæсгæ. Электронон фæзы нормативон гæххæттытæ кæй сфидар кодтой, базарадон архайд æххæст кæнынц ахæм æргътæм гæсгæ. Претендент УФ-йы Граждайнаг кодексы 449.1 статьяйы 5 пункты домæнты аккаг кæй у, уый тыххæй деклараци хуымæтæджы уагæй фыссынц гæххæттыл (претендент амынд нормæйы домæнты аккаг у, зæгъгæ, мидис хъуамæ афтæ амона).

Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадмæ гæсгæ, претендентмæ æлхæнæг уæвыны бар нæй: Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынад æмæ ацы информацион хъусынгæнинаг кæй амонынц, æвдыст гæххæттытæ уыцы домæнтæ æмæ фæтк кæд халынц, цъындыйы тыххæй бадзырды амынд хыгъдмæ цъынды афоныл кæд нæ бафтыд, уæд, стæй архайæг закъонæвæрынады амынд æндæр уавæрты аукционы архайынмæ претенденты нæ бауадзынц.

Уæйгæнинаг исбоны тыххæй æппæтæй стырдæр аргъ чи бавдиса, уыцы архайæджы нымайынц аукционы уæлахиздзауыл. Бадзырды тых кæмæ ис, базарады уæлахиздзауимæ ахæм суагъæйы къухтæ æрæвæрынц базарад баххæст кæныны бонæй æппынкъаддæр дæс боны фæстæ. Æлхæнинаг исбоны аргъ бафидынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы къухтæ æрæвæрыны бонæй фондз кусгæ боны дæргъы. Бадзырды тых кæмæ ис, аукцион аразыны бон базарады уæлахиздзауимæ сфидар кæнынц базарады бæрæггæнæнты тыххæй ахæм суагъæ. Базарады уæлахиздзау йæ къух базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы æрæвæрыныл кæд не сразы уа, æмæ æлхæд исбоны аргъ бафидыны хыгъдмæ æхца фыст кæд не 'рцæуой, уæд базарады уæлахиздзауæн цъынды фæстæмæ нал раттынц. Исбонады бар æлхæнæгмæ раивы Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынады фæткмæ гæсгæ. Æлхæнæг æлхæд исбоны фæдыл исбонады барæн гæххæттытæ саразы хæдбарæй хи фæрæзты хардзæй. Æрмæст, иунæг архайæг кæм архайдта, ахæм базарад нымад у æнæзакъоныл.

Тæрхонадон пъырыстыф-æххæстгæнæджы бардзырдмæ гæсгæ, базарадæн фадæттæ саразæгмæ ис æвæрд исбон базарадæй сисыны бар.

Базарады уæлахиздзау аукционы архайды фæдыл цъындыйы хуызы кæй бахаста, уыцы æхцайы фæрæзтæ нымад æрцæуынц исбоны балхæнинаг аргъы бафыстыл. Æлхæнинаг аргъ афоныл чи нæ бафида, уыцы æлхæнæг нымад æрцæуы бадзырд сфидар кæнынæй хи фæтылифгæнæгыл. Аукционы уæлахиздзау бадзырд сфидар кæнынæй йæхи кæд фæтылиф кæна, уæд ын цъынды фæстæмæ нæ раттынц. Базарад æххæстгонд кæд не 'рцыд, науæд æй, кæд аивтой, уæд цъындытæ курдиатæрвитджытæн фæстæмæ раттын æмбæлы. Базарады чи архайдта, фæлæ дзы, чи нæ фæуæлахиз, цъындытæ уыцы адæймæгтæн дæр фæстæмæ раттынц. Цъынды фæстæмæ ратты электронон фæзы оператор базарады бæрæггæнæнты тыххæй суагъæйы къух æрæвæрыны бонæй фондз кусгæ боны дæргъы.

Аукцион саразынмæ бар чи дары, фæлæ, ацы информацион хъусынгæнинаг кæй нæ амоны, æппæт уыцы фæрстытæ лыггонд цæуынц Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадмæ гæсгæ. Адæймагмæ ис интернеты хызæджы официалон сайт https://www.torgi.gov.ru æмæ «Уæрисбонад»-ы сайт www.rosim.ru-йы фæрцы базарад æххæст кæныны тыххæй уæлæмхасæн хабæрттæ базоныны, стæй курдиаты хуызæгимæ æмæ балхæд-уæйкæнынады бадзырды проектимæ базонгæ уæвыны бар. Адристæ tu15@rosim.gov.ru, alina.burnatseva@rosim.gov.ru-йы электронон постмæ фарст барвитыны фæрцы адæймагæн ис базарадæн фадæттæ саразæгмæ уæвæг исбоны гæххæттытимæ базонгæ уæвыны фадат. Фарст барвитæджы хæс у мыггаг, ном, фыды ном, контактон телефон æмæ электронон посты адрис фарсты бацамонын. Фарсты кæй амонынц, фарстæн дзуапп барвитдзысты электронон посты ахæм адрисмæ гæсгæ.

Номыры радхæссæг редактор — **Абайты Эдуард.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2319.
Заказ № 725.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**